

Avi sa dekri kòman enfòmasyon medikal sou ou yo kapab itilize ak divilge epi kòman ou kapab jwenn aksè ak enfòmasyon sa. Avi sa a dekri tou nouvo règleman federal konfidansyalite pou dosye tretman maladi itilizasyon sibstans (substance use disorder (SUD)) kèk pwogram konsève (42 C.F.R. Part 2). Tanpri egzamine li avèk atansyon.

Mo “nou (we)” an nan Avi pou Pratik Vi Prive sa a fè referans a BMC Health System, ki gen ladan Boston Medical Center, Boston Medical Center – South, Boston Medical Center – Brighton, Cornerstone Health Solutions, Faculty Practice Foundation, Inc. ki fè komès antan ke Boston University Medical Group Physician Practices, BMC Affiliated Physicians, Inc. ki fè komès antan ke BMC Health, avèk moun ak òganizasyon ki swiv yo:

- Tout pwofesyonèl swen sante ki otorize pou antre enfòmasyon nan dosye lopital ou.
- Tout founisè swen sante ki se yon manm nan pèsònèl Medikal BMC ak Dantè yo.
- Tout manm pèsònèl BMC, ki enkli anplwaye yo, pèsònèl yo, volontè yo ak tout pèsònèl lopital yo.

Avi sa a pa aplike pou manm Plan Sante WellSense. Tanpri gade www.wellsense.org pou jwenn Avi sou Pratik Vi Prive WellSense Health Plan ki aplikab la.

Dwa ou yo

Nan sa ki genyen rapò avèk enfòmasyon sou sante ou yo, ou genyen sèten dwa.
Seksyon sa a eksplike dwa w yo avèk kèk nan responsablite nou yo pou ede ou.

Jwenn yon kopi elektwonik oswa pape dosye medikal ou a

- Ou kapab mande pou w jwenn yon kopi elektwonik oswa pape dosye medikal ou a enfòmasyon sou sante nou genyen sou ou. Mande nou kijan pou fè sa lè w kontakte nou nan itilize enfòmasyon ki nan dènye paj la.
- N ap voye yon kopi oswa rezime enfòmasyon sou sante w, òdinèman nan lespas 30 jou apre demann ou an. Nou ka chaje yon frè jan lalwa pèmèt.
- Si nou di “non” ak demann ou an, n ap eksplike rezon an epi n ap di w kisa dwa ou yo ye.

Mande nou korije dosye medikal ou

- Ou kapab mande nou pou nou korije enfòmasyon sou sante ou ki pa kòrèk oswa ki pa konplè. Mande nou kijan pou fè sa lè w kontakte nou nan itilize enfòmasyon ki nan dènye paj la.
- Nou kapab di “non” ak demann ou a, men nou pral di w poukisa alekri nan espas 60 jou.

Mande kominikasyon konfidansyèl

- Ou kapab mande nou pou kontakte ou nan yon fason ki espesifik. Pa egzanp, ou ka mande pou nou kontakte ou sou telefòn lakay ou oswa biwo oswa mande ke nou voye korye lapòs nan yon adrès diferan.
- N ap di “wi” pou tout demann ki rezonab yo.

Fè yon lòt moun egzèsè dwa ou yo lè ou pa kapab

- Si ou pa kapab pran desizyon swen sante pou tèt ou, moun ki ajì nan non ou pou pran desizyon swen sante (tankou ajan swen sante ou) kapab egzèsè dwa ou yo epi fè chwa konsènan enfòmasyon sou sante ou.
- Si ou pa kapab di nou chwa ou, pa egzanp si ou pa konsyan, nou ka pataje enfòmasyon ou yo ak yon lòt moun sèlman si nou kwè li nan pi bon enterè ou.

Mande nou pou limite sa nou itilize oswa pataje

- Ou kapab mande pou nou **pa** itilize oswa pataje sèten enfòmasyon sou sante pou tretman, pèman oswa operasyon nou yo. Nou pa oblije dakò avèk demann ou an epi nou gen dwa pou di "non" si sa ta ka afekte swen w.
- Si w peye pou yon sèvis oswa pou yon atik swen sante w avèk pwòp lajan pa w okonplè, ou ka mande pou nou pa pataje enfòmasyon sa a akòz objektif peman an oswa poutèt operasyon nou yo avèk asirans sante w. N ap di “wi” sof si yon lwa oblije nou pou pataje enfòmasyon sa a.

Jwenn yon lis sila yo ak ki nou te pataje enfòmasyon avèk yo a.

- Ou kapab mande pou yo ba w yon lis (kontablite) pou di konbyen fwa nou te pataje enfòmasyon sante w nan dènye 6 ane anvan dat ou mande a. Nou ap ba ou avèk kilès nou te pataje y, o epi poukisa.
- Nou ap mete tout divilgasyon yo eksepte sa yo sou tretman, peman, ak operasyon swen sante ak sèten lòt divilgasyon (tankou, nenpòt ou mande nou fè). Nou ap bay yon kontablite gratis pa ane, men ap chaje yon frè rezonab, ki baze sou pri, si w mande yon lòt nan lespas 12 mwa.

Jwenn yon kopi avi sou vi prive sa a

- Ou kapab mande yon kopi Avi sa a sou papye nenpòt ki lè, menm si ou te dakò pou resevwa Avi a elektwonikman. N ap ba ou yon kopi papye touswit.

Depoze yon plent si ou santi yo vyole dwa ou yo

- Ou ka pote plent si ou santi nou vyole dwa ou yo lè w kontakte nou avèk enfòmasyon ki anba yo.
- Ou kapab pote plent nan Depatman Sante ak Sèvis Imèn Etazini Biwo Dwa Sivil lè ou voye yon lèt nan 200 Independence Avenue, S.W., Room 509F HHH Bldg., Washington D.C. 20201, rele 1-800-368-1019, 1-800-537-7697 (TDD), oswa lè w vizite <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/smartscreen/main.jsf>
- Nou pa pral fè vanjans kont ou paske ou pote yon plent.

Dwa pou Dosye SUD

- Si ou resevwa tretman SUD nan BMC, dosye SUD ou yo pwoteje pa lwa federal (42 C.F.R. Part 2). Ou gen dwa adisyonèl ki gen rapò ak ki moun ki ka wè, itilize, oswa divilge dosye SUD ou yo, ki gen ladan:
 - Dwa pou mande restriksyon sou divilgasyon pou tretman, peman, oswa operasyon swen sante (TPO) epi pou jwenn restriksyon sou plan sante ou pou sèvis ki peye an antye.
 - Dwa pou mande yon lis divilgasyon ki fèt bay entèmedyè pou twa dènye ane yo.
 - Dwa pou patisipe soti nan komunikasyon pou ranmase lajan sou swen SUD
 - Dwa pou pote plent nan BMC oswa Sekretè HHS si ou kwè dwa vi prive ou konsènan dosye SUD yo te vyole. Ou p ap fè fas ak vanjans oswa menas poutèt ou pote yon plent.
 - Dwa pou resevwa yon kopi Avi sa a sou demann.



Chwa Ou

Pou sèten enfòmasyon sou sante, ou kapab di nou chwa w yo sou kisa pou nou pataje. Si ou gen yon preferans klè pou fason nou pataje enfòmasyon ou yo nan sitiyasyon ki dekri anba a, pale avèk nou. Di nou kisa ou vle nou fè, epi nou ap swiv enstriksyon ou yo.

Nan ka sa yo, ou genyen alafwa dwa avèk chwa pou di nou pou:

- Pataje enfòmasyon avèk fanmi w, bon zanmi w yo, oswa lòt moun ki enplike nan swen w.
- Pataje enfòmasyon w nan yon sitiyasyon sekou pandan dezas.
- Enkli enfòmasyon w nan yon anyè lopital.
- Nou ka itilize enfòmasyon ou pou ranmase lajan pou sipòte enstitisyon nou yo, pwogram ak misyon bay swen eksepsyonèl, san eksepsyon, men ou ka di nou pa kontakte ou ankò. Nou ka itilize enfòmasyon demografik ou, tankou non, adrès, nimewo telefòn, adrès imel oswa lòt enfòmasyon lalwa pèmèt, ki gen ladan laj, dat nesans, sèks, estati asirans sante, dat sèvis, depatman sèvis, doktè tretan, oswa enfòmasyon rezilta yo.

Si ou pa kapab di nou preferans ou, pa egzanp, si ou pa konsyan, nou kapab avanse epi pataje enfòmasyon sou ou yo si nou kwè li nan pi bon enterè ou. Nou kapab pataje enfòmasyon sou ou lè gen bezwen pou diminye yon menas grav ak iminan pou sante oubyen sekirite.

Nan ka sa yo, nou pa janm pataje enfòmasyon sou ou yo sof si w ba nou pèmisyon alekri:

- Pou rezon maketin.
- Pou vann enfòmasyon sou ou yo.
- Pifò pataj nòt sikoterapi w yo.

Itilizasyon ak Divilgasyon nou yo

Kijan nou itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante w yo nòmalman?

Nòmalman, nou itilize oswa pataje enfòmasyon sou ou yo nan fason ki swiv yo:

Trete Ou	• Nou ka itilize enfòmasyon sou sante ou epi pataje li ak lòt pwofesyonèl k ap trete w.	Egzanp: Nou ka pataje enfòmasyon sou sante ou ak doktè ki refere w la oswa doktè swen prensipal ou a.
Dirije òganizasyon nou an	• Nou ka itilize epi pataje enfòmasyon sou sante ou pou dirije òganizasyon nou an, amelyore swen ou epi kontakte ou lè sa nesesè.	Egzanp: Nou itilize enfòmasyon sante sou ou pou jere tretman ak sèvis ou yo.
Kontakte Ou	• Nou kapab itilize enfòmasyon sou sante w pou kontakte ou: ○ Nan adrès ak nimewo telefòn ke ou ba nou an, ki gen ladan kite mesaj nan nimewo telefòn lan. ○ Avèk enfòmasyon sou pwoblèm swen pasyan yo, chwa tretman yo, ak enstriksyon swen swivi. ○ Avèk enfòmasyon ki ka enterese w ki dekri yon pwodwi oswa sèvis nou bay ki gen rapò ak sante. ○ Nan adrès imel oswa lòt enfòmasyon sou kontak ou ba nou pou asiste nou nan aktivite yo ki defini nan Avi sa a.	Egzanp: Nou ka kontakte ou sou randevou pwograme oswa anile, enskripsyon oswa mizajou asirans, zafè faktirasyon oswa peman, evalyasyon pre-pwosedi, sondaj satisfaksyon oswa rezilta tès yo.

Bòdwo pou sèvis ou yo

- Nou kapab itilize epi pataje enfòmasyon sante ou pou voye bòdwo pou sèvis nou te ba ou.

Egzanp: Nou itilize enfòmasyon sou sante ou pou prepare rapò pou voye bay asirans sante w konsènan swen nou ba ou.

Nan ki lòt fason ankò nou kapab itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante w yo? Yo pèmèt oswa egzije nou pou pataje enfòmasyon w nan kèk lòt fason – òdineman nan fason yo ki kontribye ak byen piblik la, tankou sante piblik ak rechèch. Nou oblije satisfè anpil kondisyon anba lalwa anvan nou kapab pataje enfòmasyon w nan objektif sa yo. Pou plis enfòmasyon ak pou *gade*:

<https://www.hhs.gov/hipaa/for-individuals/guidance-materials-for-consumers/index.html>

Ede ak pwoblèm sante piblik ak sekirite

- Nou kapab pataje enfòmasyon sou sante ou nan sèten sitiyasyon tankou:
 - Pou fè prevansyon kont maladi.
 - Pou ede nan rapèl pwodwi yo.
 - Pou rapòte reyaksyon negatif ak medikaman yo.
 - Rapòte abi sispèk oswa neglijan sou timoun, granmoun aje oswa andikape.
 - Pou anpeche oswa redwi yon menas grav pou sante nenpòt moun.

Kondwi rechèch

- Nou ka pataje enfòmasyon sou sante w pou rechèch ki apwouve pa yon Komite Rechèch BMCHS oswa yon moun li deziyen lè lalwa federal oswa leta a pa egzije pèmision alekri. Sa ka gen ladan l tou prepare pou rechèch oswa fè w konnen sou etid rechèch ki ta ka enterese w.

Reponn a demann don ògàn ak tisi

- Nou kapab pataje enfòmasyon sou sante avèk òganizasyon ki okipe afè donasyon ògàn ak transplantasyon.

Respekte lalwa

- Nou pral pataje enfòmasyon sou ou si lwa eta oswa federal yo mande sa, ki gen ladan avèk Depatman Sante ak Sèvis Imèn Etazini si li vle wè ke nou konfòme yo avèk lwa federal sou vi prive.

Travay avèk yon egzaminatè medikal oswa direktè ponp finèb

- Nou kapab pataje enfòmasyon sou sante avèk yon medsen leis, egzaminatè medikal oswa direktè ponp finèb lè yon moun mouri.

Adrese konpansasyon travayè yo, ranfòsman lalwa, ak lòt demann gouvènman an

- Nou kapab pataje enfòmasyon sou sante w:
 - Pou reklamasyon konpansasyon travayè.
 - Pou objektif ranfòsman lalwa oswa avèk yon ofisyèl ranfòsman lalwa.
 - Avèk sipèvizyon ajans sante yo sou aktivite lalwa otorize.
 - Pou fonksyon gouvènman an tankou militè, sekirite nasyonal ak Sèvis Pwoteksyon Prezidansyèl yo.
 - Pou enstitisyon koreksyonèl yo oswa lapolis, si ou se yon prizonnyè nan yon enstitisyon koreksyonèl oswa nan gad lapolis, pou ba ou swen sante; pou pwoteje sante ak sekirite tèt ou oswa lòt moun; pou sante ak sekirite enstitisyon koreksyonèl yo.

Reponn a pwosè ak aksyon legal yo

- Nou kapab pataje enfòmasyon sou sante ou pou reponn a yon òdonans tribinal oswa yon òdonans administratif, oubyen pou reponn a yon asiyasyon pou konparèt.
- Dosye SUD, oswa temwayaj ki baze sou kontni yo, yo pa pral divilge oswa itilize nan pwosedi legal, kriminel oswa administratif kont ou san konsantman espesifik ekri ou oswa yon òdonans tribinal.

Règleman pou Dosye Tretman SUD

- Dosye SUD pa ka itilize oswa pataje pou tretman, peman, oswa operasyon san konsantman ekri ou.
- Ou ka siyen yon konsantman pou tout itilizasyon/divilgasyon pou rezon sa yo, ke ou ka revoke alekri nenpòt ki lè.
- Divilgasyon Jeneral nan dosye medikal yo pa valab pou dosye SUD. Fòmilè konsantman apa yo obligatwa.
- Sèten itilizasyon oswa divilgasyon (tankou pou pwosedi legal oswa piblikasyon nòt konsèy SUD) oblije nou avize ou ak pou yon mande yon konsantman ekri apa, ki pa ka konbine.
- Nou pa pral sèvi ak oswa divilge dosye SUD ou pou ranmase lajan sof si ou te gen opòtinite pou chwazi pou pa resevwa kominikasyon sa yo.

Nou pral jeneralman mande konsantman ou oswa òdonans yon jij anvan nou pataje sèten enfòmasyon sansib sou ou tankou, sèten Dokimantasyon Sikoterapi; tès VIH oswa rezilta tès yo; konsantman pou avòtman; maladi transmisib seksyèlman; Rezilta tès jenetik; Kominikasyon Travayè Sosyal; Konsèy pou Viktim Vyolans Domestik; Konsèy pou Viktim Agresyon Seksyèl; Tretman Maladi Itilizasyon Sibstans.

Nou patisipe nan echanj enfòmasyon sou sante (health information exchanges (HIEs)) tankou avèk Massachusetts Health Information Highway (Mass HIway) ak Epic's Care Everywhere, epi nou bay aksè ak sekirite lapoula ak founisè afilye nan BMC ChartLink yo. Nou itilize HIE yo avèk Chartlink antanke yon metòd pou pataje, mande, ak resevwa enfòmasyon elektwonik sou sante ak lot òganizasyon swen sante. Si w genyen kesyon, oswa si w vle renonse nan zafè pataje enfòmasyon ou atravè HIE yo oswa ChartLink, kontakte nou lè w itilize enfòmasyon ki nan dènye paj la.

Si enfòmasyon SUD ou divilge bay yon lòt founisè, plan sante, oswa asosye biznis (pa egzanp, atravè yon echanj enfòmasyon sou sante) anba yon konsantman TPO valab, moun k ap resevwa yo pa oblije segmante enfòmasyon SUD nan dosye yo, men dosye SUD pa ka itilize oswa divilge nan pwosedi legal kont ou san konsantman espesifik ekri ou oswa òdonans tribinal.

**Responsablite
Nou yo**

Kisa nou responsab?

- Nou oblije dapre lalwa pou konsève konfidansyalite ak sekirite enfòmasyon sante pwoteje w.
- N ap fè w konnen touswit si gen yon vyolasyon ki ta ka konpwomèt konfidansyalite oswa sekirite enfòmasyon ou.
- Nou dwe obsève responsablite ak pratik konfidansyalite yo ki dekri nan Avi sa epi ba ou yon kopi Avi a.
- Nou pa pral itilize oswa pataje enfòmasyon sou ou yo apa jan li dekri isit la sof si ou di nou nou ka fè sa alekri. Si w di nou nou kapab, ou gen dwa chanje lide w nenpòt ki lè. Fè nou konnen alekri si ou chanje lide w.
- Lalwa oblije nou avize ou ak pasyan ki afekte yo si yon vyolasyon dosye SUD ou rive.
- Nou pa pral entimide, menase, fòse, diskrimine, oswa pran revanj kont ou paske ou depoze yon plent konsènan dosye SUD, epi ou ka pa oblije renonse dwa ou pou pote plent kòm yon kondisyon pou swen, peman, oswa enskripsyon nan okenn pwogram.

Pou plis enfòmasyon gade: <https://www.hhs.gov/hipaa/for-individuals/index.html>

Pandan konbyen tan nou konsève enfòmasyon w?

Nou anrejistre dosye enfòmasyon sou sante an pape, elektwonik, oswa sou fòm fotografik epi nou konsève yo pandan 20 lane apre egzeyat oswa finisman tretman. Nou anrejistre lòt dosye yo dapre lwa oswa règleman federal ak leta. Yon kopi direktiv sou jan nou konsève dosye medikal yo disponib sou demann.

Chanman nan Tèm Avi sa a

Nou kapab chanje tèm yo nan Avi sa, epi chanman yo pral aplike pou tout enfòmasyon nou genyen sou ou. Nouvo Avi a pral disponib sou demann, nan biwo nou, epi sou sitwèb nou.

Dat antre an vigè Avi sa a se Fevriye 16, 2026.

Boston Medical Center avèk founisè Boston HealthNet ak Boston Accountable Care Organization pataje enfòmasyon sou sante pou patisipe nan yon sistèm livrezon swen sante entegre epi angaje yo nan aktivite an komen yo tankou egzamine kalite sèvis yo:

Boston Medical Center	Harvard Street Community Health Center***
Boston Healthcare for the Homeless***	Holyoke Medical Center/Valley Health Partners**
Boston Medical Center – South**	Manet Community Health Center***
Boston Medical Center – Brighton**	Mattapan Community Health Center***
Codman Square Health Center***	NeighborHealth***
DotHouse Health***	Neponset Health Center*
Ellen Jones Community Dental Center – Harwich*	South Boston Community Health Center***
Geiger Gibson Community Health Center*	South Shore Hospital and Physician Hospital Organizations**
Greater Roslindale Medical and Dental Center***	Stanley Street Treatment Health Center**
Harbor Community Dental Center – Provincetown*	Sturdy Memorial Hospital**
Harbor Community Health Center – Hyannis*	The Dimock Center*
Harbor Community Health Center – Plymouth*	Upham’s Corner Health Center*
Harbor Health Community Health Center*	Whittier Street Neighborhood Health Center*

*=Boston HealthNet (“BHN”) | **= Boston Accountable Care Organization (“BACO”) | ***= Both BHN & BACO

Kontakte Nou

Kijan pou kontakte nou pou mande yon kopi dosye medikal ou, mande yon amannman nan dosye medikal ou, mande yon kontabilizasyon divilgasyon, mande yon restriksyon, mande kominikasyon konfidansyèl oswa depoze yon plent

Biwo Vi Prive	Depatman Konfòmite 960 Massachusetts Avenue, Boston, MA 02118 Nimewo Telefòn Biwo: 617-414-1800 Telefòn gratis: 800-586-2627 Imèl: PrivacyOfficer@bmc.org
Dosye Medikal (<i>Pou Demann</i> <i>Dosye Medikal</i>)	Health Information Management / Medical Records (Jesyon Enfòmasyon sou Sante / Depatman Dosye Medikal) 850 Harrison Avenue / Basement Yawkey Building Boston, MA 02118 Nimewo Telefòn Biwo: 617-414-4213

Boston Medical Center

HEALTH SYSTEM

Ou gen dwa pou gen yon entèprèt medikal gratis. Tanpri lonje dwèt sou lang ou, epi yo pral rele yon entèprèt medikal pou ede ou.

Albanian

Shqip

Keni të drejtën për përkthyes falas gjatë vizitës mjekësore. Ju lutem tregoni me gjuhë gjuhën që fletni. Ju lutem prisni, do t'ju gjejmë një përkthyes për vizitën mjekësore.

Amharic

አማርኛ

እኩምናን በሚመለከት ያልዎንዎ ወጪ አስተርጓሚ የጥገናን ሙቅት አለዎት። የሚናገሩትን የሚረዳብትን ጽንፈ በመጻፍ ያመልኩ። የእኩምና አስተርጓሚ አስከጠራ ድረስ እየዘዎ ይታዩ።

Arabic

عربي

لك الحق بمترجم طبي مجاني. رجاءً أشر إلى لغتك. سوف ندعو مترجماً طبيّاً. انتظر من فضلك.

Moroccan Arabic

عربي مغربي:

من فضلك الحصول على مترجم شفوي طبي مجاني. من فضلك الإشارة بإصبعك إلى اسم لغتك، وسيتم استدعاء مترجم شفوي طبي. من فضلك الانتظار.

Armenian

Հայերեն

Ձեռք իրապնակը ունիք ունենալու: Բժշկական քարոզմանը պարսկը պետի վճարումը. հաճիք մատուցանելը ձեռ վազնեղի ինքնին է: Բժշկական քարոզմանը մը կը վազնեղի ձեռ համար. հաճիք սպասեք:

Bengali

বাংলা

সিখার ডায় মেডিকাল সেন্টারটি আপনার অধিকার আছে। স্বা স্ব করে আপনার ভাষাতে নির্দিষ্ট করুন। একজন মেডিকাল সেন্টারটিকে ডাকার হবে। দয়া করে অপেক্ষা করুন।

Cape Verdean Creole

Kriolu di Kabu Verdi

Nho/nha ten direitu di ten un intérpreti na saúde, di grasa. Pur favor, nho/nha mostrá ku dédu kai ki é língua di nho/nha. Ta bxuamad un intérpreti. Nho/nha spera, pur favor.

Chinese

中文

Cantonese | Mandarin | Toisanese | Taiwanese/Fukienese
廣東話 | 國語 | 台山話 | 台灣語/福建話

你是有權利要求一位免費的醫療傳譯員。
請指出你的語言。醫療傳譯員將會為你服務。請稍候。

French

Français

Vous avez le droit aux services gratuits d'un interprète médical. Veuillez indiquer votre langue. Un interprète médical va être appelé. Attendez s'il vous plaît.

German

Deutsch

Sie haben kostenlosen Anspruch auf eine/n medizinische/n Dolmetscher/in. Bitte deuten Sie auf Ihre Sprache. Ein/e medizinische/r Dolmetscher/in wird gerufen. Bitte warten Sie.

Greek

Ελληνικά

Είναι δικαίωμά σας να έχετε ιστρικό διερμηνέα χωρίς καμία χρηματική επιβάρυνση. Σας παρακαλώ να περιμένετε την γλώσσα που μιλάτε. Θα ιδιοποιηθούμε ένα διερμηνέα. Παρακαλώ περιμένετε.

Haitian Creole

Kreyòl Ayisyen

Ou gen dwa a yon entèprèt medikal gratis. Tanpri montre nou lang pa w la. N ap rele yon entèprèt medikal pou ou. Tanpri ret tann.

Hebrew

עברית

יש לך זכות להשתמש בשירותיו של מתורגמן רפואי ללא תשלום. אנא הנביע על השפה שלך. מיד ייבחר קשר עם המתורגמן. אנא המתן.

Hindi

हिन्दी

आपको बिनाको किसीवैद्यकीय दुवालीया (अनुवादक) प्रवा काने का अधिकार है। कृपया अपनी भाषा की ओर इशारा करें। विद्यकीय दुवालीया (अनुवादक) को बुलाया जाएगा। कृपया प्रतीक्षा करें।

Hmong

Hmoob

Koj muaj cai txais kev pab txhais lus dawb tsis them nyiaj hauv kev kho mob. Koj taw tes rau koj hom lus no. Mam hu txhais lus. Thov nyob tos.

Italian

Italiano

Lei ha diritto ad un interprete medico gratuito. Indichi la sua lingua. Verrà contattato un interprete medico. Rimanga in attesa.

Japanese

日本語

医療通訳を無料でご利用になれます。「日本語」の文字を指示してください。日本語を話す医療通訳を手配いたしますのでお待ち下さい。

Khmer

ខ្មែរ

អ្នកមានសិទ្ធិទទួលបានអ្នកបកប្រែវេជ្ជបណ្ឌិតឥតគិតថ្លៃឈ្មោះអ្នកបកប្រែវេជ្ជបណ្ឌិតស្រីសុខាភិបាល រដ្ឋបាលព្រះបាទនរោត្តម ឬស្នងការដ្ឋាននៃអង្គការសុខាភិបាលប្រទេសកម្ពុជា ឈ្មោះអ្នកបកប្រែវេជ្ជបណ្ឌិត សុខាភិបាល។

Korean

한국말

무료로 의료 전문 통역사의 도움을 받을 수 있습니다. 해당 언어를 선택하십시오. 의료 전문 통역사에게 연결 될 것입니다. 잠시만 기다려 주십시오.

Laotian

ລິນລາວ

ທ່ານມີສິດຂໍນາຍແປພາສາໂດຍທ່ານບໍ່ຈໍາເປັນຕ້ອງຈ່າຍ. ກະລຸນາຊໍ້ໃສ່ພາສາຂອງທ່ານ. ນາຍພາສາຈະຖືກເອີ້ນມາ. ກະລຸນາລໍຖ້າ.

Polish

Język polski

Jesteś upoważniony do korzystania z usług polskiego medycznego tłumacza. Usługa ta jest na nasz koszt. Proszę wskazać swój język. Proszę czekać, łączymy z tłumaczem.

Marathi

Marathi

आपल्याला मेडिकल दुभाषी (इन्टरप्रीटर) मागण्याचा हक्क आहे. त्यासाठी आपल्याला काहीही खर्च येणार नाही. आपण आपल्याला ज्या भाषेचा दुभाषी हवा असेल त्याचा इशारा करावा. मेडिकल दुभाषी मागवला जाईल. थोडा वेळ थांबा.

Português

Português Brasileiro / Europeu

Você tem o direito a um intérprete de graça. Por favor aperte para a língua que você fala. Um intérprete será chamado. Por favor espere.

Russian

Русский

Вы имаете право на услуги бесплатного медицинского переводчика. Назовите, пожалуйста, свой язык. Медицинский переводчик будет вызван. Пожалуйста, подождите.

Serbo-Croatian

Srpsko-Hrvatski

Vi imate pravo na besplatnog medicinskog prevodioca. Molimo vas da pokazete na vas jezik. Medicinski prevodilac ce biti pozvan. Hvala i molimo vas da sacekate.

Somali

Soomaali

Waxaad xaq u leedahaa in tarjubaan caafimaad oo lacag la aan ah laguugu yeero. Fadlan farta ku fiq afkaaga. Tarjubaan caafimaad baa laguuu wacayaa ee sugi!

Spanish

Español

Usted tiene derecho a un intérprete médico gratis. Por favor señale su idioma. Llamaremos a un intérprete médico. Por favor espere.

Swahili

Swahili

Ki haki yako kuwa na mtafsiri wa lugha ya matibabu bila malipo yoyote. Tafadhali chagua lugha yako katika hizi. Mtafrishaji wa lugha ya matibabu ataitwa. Ngojoe tafadhali.

Tagalog

Tagalog

May karapatan kang magkaroon ng taga-ugnay medisina na walang bayad. Ituro ang iyong wika. Maghintay at tatawagin ang taga-ugnay.

Thai

ไทย

ท่านมีสิทธิขอคำแนะนำทางการแพทย์ โดยไม่เสียค่าใช้จ่ายใด ๆ กรุณารอชื่อคุณ กรุณารอสั่งชื่อ เราจะโทรหาคณะที่ชื่อท่านให้ท่าน

Tigrinya

Tingrinya

ናይ ህክምና ኣስተርጓሚ ምጥያቓ ሙቀት ኣለኩም። በይዛኩም (በታሕሳስ) ጽንፈኩም ኣመልኩቲና። ናይ ህክምና ኣስተርጓሚ ከፍተኛ እዩ። በይዛኩም (በታሕሳስ) ተጸብዩ።

Urdu

اردو

آپ مفت طبی ترجمان کی خدمت کے مستحق ہیں۔ براہ کرم اپنی زبان کے نام کی طرف اشارہ کیجیے۔ آپ کے لیے ایک طبی ترجمان بلایا جائیگا۔ براہ کرم انتظار کیجیے۔

Vietnamese

Tiếng Việt

Quý vị có quyền được một thông dịch viên y tế miễn phí. Xin chỉ vào ngôn ngữ của quý vị. Chúng tôi sẽ gọi một thông dịch viên y tế. Vui lòng chờ thông giấy lát.

American Sign Language

American Sign Language



You have the right to a medical interpreter at no cost to you. Please point to your language. A medical interpreter will be called. Please wait.

Adapted from
Massachusetts Department of Public Health, July 2001

Founisè yo, pou plis detay sou kijan pou mande yon entèprèt an pèsòn, nan telefòn, oswa nan videyo, tanpri vizite sitwèb Sèvis Entèprèt la sou Hub la